# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 नवम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

संविधान दिवस के मौका पर आजु प्रदेस भर में कई गो कार्यक्रम आयोजित कइल गइल। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ लोक भवन में आयोजित भइल समारोह में संविधान के उद्देसिका क पाठ करवलें अउर संविधान निरमाता लोगिन के नमन कइलें। मुख्यमंत्री भारत के संविधान के दुनिया क सबसे बड़हन अउर ससक्त संविधान बतावत कहलें कि बाबा साहब भीमराव आम्बेडकर सबसे पहिले संविधान के रूप में एक भारत श्रेष्ठ भारत क नेइ धइलें। उहां के जवन संविधान छब्बीस नवम्बर ओन्नइस सौ ओन्चास के दिहले रहलें ओहमें, सेक्युलर अउर समाजवादी सब्द नाहीं रहल। उनकरे अगुआई में बनल संविधान सभा क डाफ्टिंग कमेटी न्याय, समता अउर बंधुता जइसन मूल्य के संविधान में सामिल कइ के देस के एगो ससक्त भविस्य दिहलें। श्री योगी कहलें कि भारत क संविधान हर जाति, मत अउर मजहब के मनई के समान मताधिकार देला। येह मौका पर कई गो जिला में जागरूकता रैली, सपथ आ कई गो सांस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित भइल।

**********

प्रदेस में निवेस के बढ़ावा देवे अउर आरथिक गतिविधियन के मजबूत करे खातिर प्रदेस सरकार नया पहल कइले हौ। अब राज्य में मण्डलायुक्त अउर जिलाधिकारियन क वार्षिक कार्य मूल्यांकन रिपोर्ट यानी एसीआर में निवेस आकर्सण अउर ऋण जमा अनुपात बढ़ोत्तरियो के सामिल कइल जाई। येह पहल के साथे उत्तर प्रदेस, अइसन फैसिला लेवे वाला देस क पहिला राज्य बनि गइल हौ। येह बारे में सासनादेस जारी कइ दीहल गइल हौ। जिलाधिकारियन अउर मण्डलायुक्तन के पदरसन क आंकलन उनके जिला में ऋण जमा अनुपात में कइल गइल प्रगति के आधारो पर कइल जाई।

**********

महाकुंभ दुइ हजार पचीस के भव्य अउर दिव्य बनावे खातिर हो रहल तइयारियन क बिहने मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ निरीक्षण करिहें। येह मौका पर मुख्यमंत्री महाकुंभ बदे दुइ सौ अड़तीस करोड़ रूपिया से बेसी क कई गो परियोजना क लोकारपणो करिहें। येह परियोजनन में महाकुंभ के साफ अउर सुरक्षित बनावे वाला कई गो उपकरण के साथे–साथे नगर निगम में नवका बनल कंट्रोल रूम क अनावरणो सामिल हौ। एकरे अलावा मुख्यमंत्री, स्वच्छाग्रहियन अउर सफाईकरमियन के ड्रेस क किट अउर नाइ चलावे वालन के लाइफ जैकेट के सथहीं कई गो योजनों से लाभान्वित करिहें।

**********

महाकुंभ दुइ हजार पचीस में सरधालुअन के सुविधा बदे उत्तर प्रदेस राज्य सड़क परिवहन निगम एक्कइस सौ स्पेसल बस गोरखपुर परिक्षेत्र से हो के चलाई, जवन महाकुंभ मेला खातिर जइहें। ई बस गोरखपुर परिक्षेत्र के अड़तीस जगहिनि से हो के गुजरी। एहमें तीनि सौ नब्बे महाकुंभ स्पेसल बस गोरखपुर परिक्षेत्र के अलगि–अलगि डिपो से चलावल जाई।

**********

आयुष्मान भारत प्रधानमंत्री जन आरोग्य योजना में सत्तर बरिस अउर ओहसे बेसी उमिरि वाला सज्जो सीनियर नागरिकन के अलगि से पांच लाख रूपिया ले क टॉप–अप कवर मिली। ई टॉप–अप उनके परिवार के अउरियो सदस्यन के मिले वाला पांच लाख रूपिया ले क धनरासि के अतिरिक्त होई। स्टेट एजेंसी फॉर कॉम्प्रेहेंसिव हेल्थ एण्ड इंटीग्रेटेड सर्विसेज क सीईओ संगीता सिंह के मोताबिक अबले प्रदेस में सवा दुइ लाख से बेसी बुजुरूग लोगि आपन आयुष्मान कार्ड बनवा लिहले हवें। एहमें बनारस पहिला स्थान पर जबकि लखनऊ दुसरका, बरेली तिसरका, सहारनपुर चउथा अउर आगरा पचवां स्थान पर हौ।

**********

नेशनल स्कूल गेम्स प्रतियोगिता क आजु से सुरूआति हो गइल। लखनऊ के गुरू गोविंद सिंह स्पोर्ट्स कॉलेज में आयोजित भइल येह प्रतियोगिता क राज्यपाल आनंदीबेन पटेल उद्घाटन कइलिनि। येह मौका पर उहां के खेलाड़ियन से परिचय लिहले के सथहीं ओन्हें बढ़ियां परदरसन खातिर आपन सुभकामना दिहलिनि। बेसिक सिक्षा राज्य मंत्री संदीप सिंह कहलें कि पढ़ाई के सथहीं खेलियो जरूरी हौ।

**********

बनारस में बेरोजगार अभ्यर्थियन के रोजिगार उपलब्ध करावे के उद्देस्य से क्षेत्रीय सेवा योजन कार्यालय बनारस तीस नवम्बर के महारोजिगार मेला क आयोजन करी। डॉक्टर घनश्याम सिंह पीजी कॉलेज में आयोजित होखे वाला येह रोजिगार मेला में आठ से दस हजार नौजवानन के हिस्सा लिहले क आगम हौ। क्षेत्रीय सेवा योजना अधिकारी दीप सिंह बतवलें कि मेला में पचास गो राष्ट्रीय अउर बहुराष्ट्रीय कम्पनी हिस्सा लीहें। रोजिगार मेला में करीब चारि हजार नौजवानन के रोजिगार दिहले क लक्ष्य हौ।

**********

प्रदेस क बांदा जिला क रहवइया अर्श मोहम्मद ओडिशा के भुवनेश्वर में आयोजित भइल सैंतालीसवी इंटर जोनल–इण्टर स्टेट अउर जूनियर नेशनल चैम्पियनसिप में बालक युगल क स्वर्ण पदक जितले हवे। ओन्नइस से पचीस नवम्बर ले खेलल गइल येह प्रतियोगिता में अर्श अपने राजस्थान क जोड़ीदार संस्कार सारस्वत के सथहीं फाइनल प्रतियोगिता में मिथिलेश पी. कृष्णन अउर ए. मुरूगन के एक्कइस–सोरह आ एक्कइस ओन्नइस से हरा के ई सफलता हासिल कइलें।

**********

बनारस में सहर दक्षिणी विधानसभा क्षेत्र से सात बेरि लगतारे भाजपा से विधायक रहल श्यामदेव राय चौधरी क आजु सरगबास हो गइल। उहां के लमहर समय से बेमार चलत रहलें। उनके सरगबास पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के सथहीं कई

गो जनप्रतिनिधि सोक जतवले हवें। प्रधानमंत्री अपने सोसल मीडिया प्लेटफारम एक्स पर दुख जतावत लिखलें कि श्यामदेव राय चौधरी न त खाली संगठन के सीचलें अउर संवरले में खास जोगदान दिहले रहलें बलुब काशी के विकासो खातिर पुरहर समपरण भाव से जुटल रहलें। उनकर गइल काशी के साथे–साथे पूरा राजनीतिक जगत खातिर एगो अपूरणीय क्षति हौ।

**********